

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

***Premye Jou***

**DIREKSYON:** Li pasaj sa a an silans epi reponn keksyon anba yo.

## **Madan Sara**

An Ayiti, se fi ki travay twaka nan komès ki fè peyi a mache. Madan Sara se yon gwoup fi patikilye nan moun sa yo. Lontan lontan genyen ladan yo ki te konn achte danre nan men abitan epi yon vann li lavil. Tranzaksyon sa yo pèmèt abitan fè plis benefis sou pwodui l ap vann yo paske li p ap bezwen depanse pou transpò kamyon ale lavil. Epitou yo achte machandiz lan men Madan Sara yo tou pou yo sèvi. Tip tranzaksyon sa yo pèmèt Madan Sara yo fè yon benefis nan chak ale vini yo.

Nan tan jodi a genyen yon lòt gwoup fi sa yo ki travèse lanmè pou achte machandiz epi enpòte yo pou vann nan peyi d Ayiti. Madan Sara sa yo menm konn pale lòt lang tankou Fransè, Angle, Panyòl, etc.. Yo vwayaje nan avyon oswa bato epitou yo sèvi ak menm transpò sa yo pou pote machandiz yo nan peyi a.

Madan Sara enpòtan anpil nan zafè ekonomik peyi d Ayiti tankou tout lòt moun nan biznis yo. Tou de tip Madan Sara yo konn sòti nan menm fanmi oswa nan menm katye a. Yo konn mete tèt ansanm, sèvi youn ak lòt pou fè machandiz yo travèse epi fè kòb la mache nan tout peyi a.

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**DIREKSYON:** Li keksyon yo byen an silans. Chwazi youn nan repons anba yo. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.

1. Ki ide prensipal istwa sa a pale plis?

- A) Abitan fè lajan
- B) Madan Sara
- C) Vwayaje nan bato

2. Nan fraz, “Tranzaksyon sa yo pèmèt abitan fè plis benefis,” mo benefis vle di

- A) kòb anplis ki rete apre depans
- B) travay ou fè anplis
- C) manje ou manje anplis

3. Istwa sa a montre enpòtans

- A) biznis Madan Sara a yo
- B) komès an Ayiti
- C) lamitye ant fi nan peyi a

4. Ki direfans ki genyen ant de gwoup fi sa yo?

- A) Youn se fi
- B) Yo fè menm biznis la
- C) Youn pale lang etranje

5. Poukisa otè a ekri istwa sa a ?

- A) pou eksplike
- B) pou edike
- C) pou amize

6. Kilès ki pèsonaj prensipal la?

- A) abitan yo
- B) komèsan yo
- C) Madan Sara yo

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Madan Sara con't

**7.** Yon lòt tit ou kapab bay istwa sa a se:

- A) 'Komèsant Nan Peyi d Ayiti'
- B) "Vwayajè Aletranje"
- C) "Abitan Fè Komès"

**8.** Kilès nan sa yo ki yon opinyon?

- A) Madan Sara se yon gwoup fi
- B) Mwen fyè manman m se Madan Sara
- C) Madan Sara enpòtan anpil nan zafè ekonomik peyi a

**9.** Kisa ki menm ant de gwoup fi sa yo?

- A) Yo pale lòt lang
- B) Yo vwayaje nan bato
- C) Yo se komèsan

**10.** Kisa mo enpòte a vle di nan istwa a?

- A) Pote vini soti lòt kote
- B) Pote ale vann lòt kote
- C) Fò ou genyen 1 kanmèm

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Dezyèm Jou**

1. Nan plas pwen yo, mete yon adjektif kalifikatif. Ou kab chwazi nan lis adjektif anba a. Lis adjektif: move, gwo, bèl, vye, gran, wouj, mechan, malouk, malpwòp, si, bèl

Yon .....kay

Yon kay .....

Yon .....moun

Yon gason.....

Yon .....wout

Yon zorang .....

2. Chache non ki kab mache ak adjektif sa yo. Fè kesyon ki sa ki devan chak adjektif.

Blan

dous

gwo

sal

pwòp

Vid

griye

anmè

lis

3. Adjektif pou Konpare: Pou chak gwoup mo anba a ekri adjektif ki mache ak li.

**pi...pase**

oubyen

**menm...ak**

1. Mango batis, mango file, bon.  
\_\_\_\_\_

2. Woje, Mari wo.  
\_\_\_\_\_

3. gran, Jak, Chal  
\_\_\_\_\_

4. Adjektif Demonstratif: Pou chak fraz anba a mete pi bon repons la. (sa a; sa yo; sila a; sila yo)

1. Valiz \_\_\_\_\_, se pou mwen li ye.

2. Sak zoranj \_\_\_\_\_, se nan ti mache m achte l.

3. Tout pyebwa \_\_\_\_\_ gen anpil mango ane \_\_\_\_\_.

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

DIREKSYON: Li istwa a an silans epi ranpli fòm ki vin apre li. Pran tan w pou fè l byen.

### **Mò Grann Bouki Te Mouri**

Se te yon lè Bouki te tou piti. Li t ap viv lakay grann li. Se la neve Bouki a, yo rele Ti Malis la te ye tou. Men grann Bouki te fin granmoun. Janm li te lou, li prèske pa t ka mache ankò. Se de timoun yo ki t ap ede vye grann. Bouki te konn rete nan boutik la pou lè moun vin achte. Ti Malis menm te konn al nan mache pou vann viv yo ak kèk bèt yo te gade. Se Malis ki te konn al achte pwovizyon tou. Bouki te sòt anpil. Se poutèt sa fò li toujou gen yon moun ak li pou di l sa pou l fè. Malis menm te gen bon jan lespri. Nan pwen timoun nan zòn nan ki te kab gen konprann msye. Se pou sa yo te kab voye Malis byen lwen. Li pap janm ki te moun fè l anyen.

Yon jou, grann gen yon sèl lafyèv ki pran li. Li pa menm ka rekonèt timoun yo epi l ap depale. Gen yon bon vwazin ki te rete sou kote a. Chak maten, chak swa, li te konn vin ede timoun yo ak grann nan. Men Madi rive, granmoun nan pa refè. Malis te gen pou l al nan mache. Li di Bouki konsa : “Fò m al achte pwovizyon pou semèn nan. Fò m vann ti kabrit la tou. Okipe grann byen. Lè solèy la va rive anwo palmis la, wa mete dlo sou dife. Kou dlo a cho ou a vide l sou fèy yo epi w a mete dlo frèt ladan jistan dlo a vin tyèd. Apre sa, ou mèt benyen grann. Sonje vwazin nan di: “dlo byen tyèd”.

Malis ale. Bouki chita nan boutik la apre l fin mete dlo a sou dife. Jou sa a pa t gen zafè. Pèsòn pa vin achte. Bouki pa t gen anyen pou l fè. Li di pito l benyen grann pi bonè. Li vide plizyè bokit dlo frèt nan benywa a epi l kouri rele grann. Grann menm gade, li pa reponn. Lè l wè sa, li tou leve malerèz la. Bouki te gen anpil fòs. Li mete l chita nan dlo a. Lè fini, l al cache dlo li te mete chofe a. Li vide bonm dlo a sou tèt grann li. Madanm nan fè yon sèl grimas epi li tou mouri.

Bouki menm pa konprann pou ki grann li ap montre dan li konsa. Li di li:

“Èske ou vle pip ou? Gen lè ou kontan benyen Ti Bouki ba ou la?” Grann pa reponn. Bouki al

Quarter 3 – 4<sup>th</sup> Grade Haitian-Creole Language Art Assessment

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

chache pip la pou l ka fè kè grann kontan, li foure pip la nan bouch grann. “M ki te w grann. M pral veye boutik la,” li di: “Wa rele m lè w vle sòti. Pa sa?”

Lè Malis tounen, premye bagay li mande: “Kote grann? Li pa bezwen anyen?” “Grann tèlman kontan benyen an, li pa vle sòti.” Bouki reponn “M di li rele, li pa rele m. Si ou wè l ak pip li se ri sèlman l ap plede ri” Kè Malis sote. Li kouri nan chanm nan. Granmoun nan te gen tan tou rèd. Li pete yon sèl rèl. “Bouki, ou tiye grann!” M pa touche li. Bouki kriye “Li mouri pou kont li! Woy!, Woy!” ...

Quarter 3 – 4<sup>th</sup> Grade Haitian-Creole Language Art Assessment

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**DIREKSYON:** Ranpli fòm sa a pou ede w detaye istwa ou sot li a.

Non w: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

1) Tit la:

---

---

---

Sèn lan:

2) Ki kote:

---

3) Ki lè:

---

Pèsonaj yo:

4) : \_\_\_\_\_

5) : \_\_\_\_\_

6) : \_\_\_\_\_

7) : \_\_\_\_\_

Pwoblèm/Bi:

8) : \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

---

Quarter 3 – 4<sup>th</sup> Grade Haitian-Creole Language Art Assessment

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Sa ki rive:

9) Pwoblèm nan kòmanse lè...

---

---

10) Epi...

---

---

11) Sa fè...

---

---

12) Finalman.....

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---